

Avòtman ki fèt ak medikaman nan CHN

Yon **avòtman ki fèt ak medikaman** se yon opsyon san danje epi ki efikas pou kanpe gwosès bonè (jiska 11 semèn). Li enfòmasyon yo ki nan feyè sa a pou jwenn plis detay sou fason pou w fè yon avòtman ak medikaman nan CHN ak sa w ka atann.

Nan randevou w lan:

Doktè w pral pale avèk ou sou avòtman ki fèt ak medikaman an, kijan li fonksyone, ak tout risk li gen ladan. L ap ba w yon **gid medikaman** epi li pral mande w pou w li epi siyen yon **fòm akò pasyan an**.

Prepare w:

Anvan w pran medikaman yo, l ap bon pou asire ou gen ekipman nesèsè yo. **Men yon lis verifikasyon ou ka itilize pou ede w prepare:**

- _____ Achte kotèks
- _____ Achte oswa prete yon kousen chofaj
- _____ Pran ti goute (snacks) ou pi renmen an oswa manje ou pi alèz ak li a
- _____ Pran rad ki bon pou ou pou mete
- _____ Poze doktè w la kesyon sou out medikaman pou doulè oswa kont kè plen ou ka bezwen
- _____ Mande yon sètifika medikal pou lekòl oswa travay pou si ou bezwen pran konje.

Me ki medikaman ou pral pran:

Doktè w pral ba w de (2) medikaman diferan: **Mifepristone** ak **Misoprostol**.

Li enpòtan pou pran toulede medikaman sa yo jan w dwe pran yo pou yo ka fè efè. Li enstriksyon ki nan paj ki vini apre a pou jwenn plis detay sou fason pou w pran medikaman sa yo.



Premye jou:

Pran 1 grenn Mifepristone

Ou pral mete grenn sa a nan bouch ou pandan w nan biwo a. Mete grenn lan sou lang ou. Pran yon vè dlo pou vale grenn lan.

Ekri **dat ak lè** ou te pran grenn sa a.

Dat: _____ Lè: _____



Aprè w fin pran mifepristone nan, ou ka gen kranp epi ou ka ap bay san nan vajen. Ou ka santi kè plen oswa ou ka santi w fèb epi ou ka vomi oswa gen dyare.

Pale ak doktè ou sou pi bon fason pou ede w ak doulè oswa efè segondè yo.

- Doktè w ka rekòmande w (oswa preskri w) ibipwofèn, yon medikaman kont kè plen, oswa yon medikaman kont dyare.
- pase pran medikaman w nan famasi a oswa nan klinik la anvan ou ale lakay ou.
- Itilize yon kousen chofaj pou ede w ak kranp.
- Lè w bwè dlo, sa a ka ede w santi w pi byen.

24 rive 48 èdtan apre ou fin pran mifepristone nan:


Pran 4 grenn Misoprostol

Nenpòt lè ant 24 ak 48 èdtan apre w fin pran premye grenn nan, w ap bezwen pran yon dezyèm medikaman ki rele **Misoprostol**. **Ou dwe pran Misoprostol menm si ou te kòmanse bay san.**

Chwazi yon lè kote w ap manje yon bon manje epi w ap byen repoze. Pou ede w ak kranp la, pran yon (1) grenn ibipwofèn (1) èdtan anvan ou pran Misoprostol la.

Mete 2 grenn ant dan w ak bò figi w (4 grenn an total). Tann **30 minit**.

Bwè dlo pou vale sa ki rete nan grenn yo.



Si gwosès ou a te dire 9-11 semèn, w ap bezwen yon dezyèm dòz Misoprostol. Tann 4 èdtan. Lave men w. Mete 4 lòt grenn Misoprostol bò figi w. Kite yo bò figi w pandan 30 minit, apre sa a vale grenn yo ak dlo.

Revize **fyè nou an** Suivi avòtman ki fèt ak medikaman (Aftercare for Medication Abortion) pou w jwenn plis detay sou sa a w ap atann apre w fin pran medikaman sa yo epi ki suivi ki gen rapò ak swen w ap bezwen.